




PARAN YO: Gen chanjman nan Egzijans Vaksinasyon pou Lekòl nan Eta New York

Egzanpsyon ki pa medikal konsènan egzijans vaksen pou lekòl fini pou timoun ki prale nan gadri ak pre-jadendanfan (pre-K) jouk rive nan klas 12yèm ane nan Eta New York. Sa konsène tout lekòl piblik, prive, ak lekòl relijye yo. Egzanpsyon relijye yo pa otorize ankò.

Alèkile timoun ki gen egzansyon ki pa medikal dwe pran vaksen pou yo ale oswa pou yo rete nan lekòl.



Chanjman sa a pa afekte elèv ki deja pran tout vaksen obligatwa yo pou lekòl, ni elèv ki gen yon egzansyon medikal valab yon doktè bay.

DAT LIMIT ENPÒTAN POU VAKSINASYON:

- **Nan 14 jou apre premye jou nan lekòl oswa nan gadri** – timoun yo dwe resevwa premye dòz ki koresponn ak laj yo nan chak seri vaksinasyon yo pou yo ale oswa pou yo rete nan lekòl oswa nan gadri.
- **Nan 30 jou apre premye jou nan lekòl oswa nan gadri** – paran yo oswa gadyen legal yo dwe montre yo gen randevou pou pwochen dòz swivi ki nesèsè pou timoun yo. Dat limit pou dòz swivi yo depann de vaksen an.



Ki vaksen timoun mwen an bezwen?

Pale avèk founisè swen sante ou. L ap ede detèmine ki vaksen timoun ou an ka bezwen.



Èske li san danje pou timoun mwen an pran plis pase yon sèl vaksen nan yon sèl fwa?

Done syantifik yo montre li san danje pou pran plizyè vaksen an menm tan. Sa vle di tou mwens vizit nan klinik ki kapab gen mwens estrès pou timoun ou an. Ale sou sitwèb health.ny.gov/vaccinesafety pou jwenn plis enfòmasyon.



Konsèy pou ede timoun ou an rilaks nan pwochen vizit li pou vaksen:

www.cdc.gov/vaccines/parents/visit/less-stressful.html
www.cdc.gov/vaccines/parents/tools/tips-factsheet.pdf



Department
of Health